लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

धोखेबाज याकूब

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus

अनुकूलित: M. Kerr; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

कबो परमेश्वर तोहरी
परिवार में केवनो
लइका के देले
बाड़न? केतना
रोमांचक
होला नअ!

इसहाक अउर रिबका
के दोगुना ख़ुशी
मिलल रहे काँहे से
कि परमेश्वर
दूनो जाना के
जुड़वा लइका देले
रहलन।

रिबका की पेट की अंदर दूनों लइका संघर्ष करत रहलन सअ। जब उ प्रार्थना कइली, तब परमेश्वर उनसे कहलन, ...

... तोहार दूनो लइका दूगो देश क नेतृत्व करीहन सअ - लेकिन छोटका लइका बहुत अधिक महान होई। आमतौर पर जेठका बेटा के अधिक महान होखे के चाहीं। अन्ततः में दूनों लइका पैदा भइलन।

इ जुड़वाँ एक समान ना रहलें। एसाव, बड़का लइका, बहुत बाल वाला रहल अउर बड़ होके एगो कुशल शिकारी बनल। याकूब चिकना चमड़ी वाला ...

... रहल अउर घर क काम काज पसंद करत रहल। पिता इसहाक, एसाव के बहुत ज्यादा प्यार करत रहलन। पर माँई हमेशा याकूब क ही साथ दिहली।

एक दिन, एसाव भूखाइल रहलन। उ याकूब के कहलन, "हमके तू खाना दअ"

याकूब मांग कइलन, "हमके आपन जन्मसिद्ध अधिकार बेचअ।"

एसाव, ...

... परमेश्वर द्वारा ठहरावल पहिलौंठा क जन्मसिद्ध अधिकार की वादा की बारे में परवाह ना कइलन। उ याकूब की संगे सौदा कइलन। उनकी पिता की मूवला की बाद अब याकूब परिवार क मुखिया होइहन।

परमेश्वर एक रात इसहाक से बात कइलन। "हम तोहरी पिता इब्राहीम क परमेश्वर हंई। हम तोहरी संगे बानी। हम तोहरी वंशजन के आशीष देइब।"

हालांकि, इसहाक परमेश्वर क उपासना कइलन, पर उनकर लइका एसाव हित्तियन की देश में शादी करके दूगो औरत कर लिहलन,

...

... ई अइसन लोग रहलन जिनके परमेश्वर की बारे में कवनो परवाह ना रहे।

इसहाक बूढ़ हो गइल न। उ एसाव से कहलन, "कृपा करके हमरी खातिर ताजा मांस लिया दअ।" "ताकि हम तोहके आपन आशीष दे देयीं।" ई विशेष आशीष हर एक पहिलौठा बेटा के बाप से मिलत रहल।

एसाव जल्दबाजी से शिकार करे खातिर बाहर चल गइल न। लेकिन रिबका, ई सब बात सुन लिहली। उ चाहत रहली कि ई आशीष याकूब के मिले।

रिबका एगो योजना बनवली। उ जल्दी से खाना पकवली, जेवन इसहाक के बहुत पसंद रहल, ओही समय याकूब जल्दी से एसाव क कपड़ा पहिन लिहलन तथा हाथ अउर गर्दन पर जानवरन क बाल वाला खाल डाल दिहलन।

इसहाक के ठीक तरह से देखाई ना देत रहे। शायद एहीसे उ दूनो उनके धोखा देबे पवलें।

याकूब इसहाक
की खातिर खाना ले
अइलन। "तोहार आवाज
याकूब की नीयर लागत
बा," इसहाक कहलन,
"लेकिन तोहार
हाथ एसाव
की तरह
लागत बा।

खाना खइला की
बाद", इसहाक, उनकी
सामने घुटना टेकके
अपनी लइका
के आशीष
दिहलन।

याकूब जइसे ही उँहा से प्रस्थान कइलन, तुरंत बाद एसाव, इसहाक की पास अइलन। उ कहलन, "ल इ तोहार खाना।" इसहाक के मालूम हो गइल कि उनकी संगे धोखा भइल बा।

"हम आशीष बदल
ना सकब," उ बहुत
रोवलन। एसाव के
दिल घृणा से भर
गइल । उ याकूब के
जान से मरला क
फैसला कइलन।

रिबका एसाव की धमकी के सुन लिहली।
उ याकूब से बतवली, "अपनी
मामा की घरे भाग जा," उहां
तबतक रहिहअ जबतक
तोहरा भाई, "उनकरा संगे
जेवन भइल बा भूल
न जॉव।"

इसहाक राजी रहलन कि
याकूब उनकरी माई की
परिवार में से ही अपनी
खातिर पत्नी बनावें।
एहिसे याकूब घर से
भाग गइल न।

यात्रा की ओ रात,
याकूब सूते खातिर
एगो पत्थर के
तकिया नीयर रखलन।
शायद उ अकेले
रहलन, अहिसे
उ डेरात भी
रहलन।



परन्तु उ
अकेले ना रहलन।
परमेश्वर एगो
अद्भुत सपना
द्वारा उनसे बात
कइलन।



"हम तोहरी पिता इब्राहीम अउर इसहाक क परमेश्वर हँई। हम तोहरी संगे बानी। हम तोहके ई सब जमीन देइब। तोहरी परिवार की द्वारा पृथ्वी क सभ परिवार आशीषित होइन्हें।" जेइसे ही परमेश्वर बात कइल समाप्त कइलन, याकूब नींद से जाग उठलन। उ एकदम डेरा गइल न।

याकूब क मामा लाबान उनकर
स्वागत कइलन। याकूब
अपनी मामा की बेटी
राहेल से प्यार करे
लगलन अउर
उन से ...

... शादी करे खातिर सात
साल लाबान क सेवा
कइलन। लेकिन,
शादी की रात,
लाबान याकूब
के धोखा दिहलन।

"ई राहेल ना हई, ई त लिआः हई," याकूब शिकायत कइलन। "तू हमके धोखा देले बाड़अ।" "सबसे पाहिले बड़की लइकी क शाादी करे के चाँही,"

लाबान कहलन।

"अभी भी तू राहेल से शादी कर सके लअ लेकिन सात साल अउर हमार सेवा करे के पड़ी।" याकूब सहमत हो गइल न। शायद उ याद कइलन कि इसहाक

अउर एसाव के

कइसे खुद उ धोखा दिहले रहलन।

याकूब क ग्यारह गो बेटा
रहलें। जेइसे जेइसे साल
बितत गइल उ अपनी
परिवार के वापस कनान
ले जाये खातिर बहुत
चाहत रखे लगलन।

उन क माई बाप उंहवे रहत रहलें। लेकिन एसाव भी वहीँ रहत रहलन, जे उनके जान से मारला क कसम खाईले रहलन। का उ उहां सुरक्षित रहतन?

एक दिन परमेश्वर उनकी वापस अईला क सन्देश दिहलन। याकूब घर वापस जाये खातिर अपनी परिवार अउर झुंड के एकत्रित कइलन।

का ही सुखद यात्रा रहल।
एसाव चार सौ पुरूष की
संगे याकूब से मिले
खातिर अईलन!
लेकिन उ याकूब के
केवनो तरह से हानि
ना कइलन।

उ दौड़ के याकूब की लंगे गइल न अउर उनके प्रेम से गले लगा लिहलन। याकूब अउर एसाव फिर से दोस्त बन गोइलें, अउर याकूब घर में सुरक्षित रहलन।

धोखेबाज याकूब

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पत्ति २५-३३

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहींः
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16